

24th Annual Haitian Summer Institute Lecture Series: #ChampMagnéBIC kòm materyèl pou ansèyman



Thursday, July 15, 2021

1:00-3:00 pm EDT

Online via Zoom

Pou 46yèm anivèsè Roosevelt Saillant (BIC Tizon Dife) nan dat 23 avril 2021, atis la pibliye 3yèm edisyon « Le Champ MagnéBIC ». Se Frankétienne ki te ekri prefas pou 2èm edisyon an epi Pwòf Michel DeGraff vin ekri prefas pou 3yèm edisyon an. Nan prezantasyon sa a, BIC ak Michel pral brase lide sou ki jan #ChampMagnéBIC ka ede elèv lekòl ak etidyan nan inivèsite antre fon nan aprantisaj aktif sou divès matyèl pandan y ap devlope kapasite ak volonte politik pou tranfòme peyi d Ayiti.

Roosevelt Saillant (BIC Tizon Dife)
Prof. Michel DeGraff (MIT Linguistics & Philosophy,
Inisyativ MIT-Ayiti, Akademi Kreyòl Ayisyen)

Presented in Haitian Creole.

The lecture is limited to a small number of attendees from the public. For more information or to RSVP, please email ldudley@fiu.edu.

BIC Tizon Dife (Roosevelt SAILLANT) se yon powèt, konpozitè, chantè e aranjè ki kòmanse karyè li nan lane 2000 ak yon gwoup ki te rele « Flex ». An 2005, BIC kòmanse yon karyè solo k ap rapousuiv rive jounen jodi a. Li fè anpil prestasyon nan tout kwen nan peyi d Ayiti ak lòt bò dlo tankou Etazini, Kanada, Lafrans, Bèljik, Mawòk, Ameni, Roumani, Chili.

Pwofesè Michel DeGraff se pwofesè lengwistik nan Massachusetts Institute of Technology (MIT) depi 1996. Se an 2010 li ak kolèg li fonde Inisyativ MIT-Ayiti: <https://haiti.mit.edu> / <https://mit-ayiti.net/>. An desanm 2014, Pwòf DeGraff entegre Akademi Kreyòl Ayisyen kòm youn nan manm fondatè enstitisyon leta sa a. Pifò nan rechèch syantifik li se sou devlopman ak chapant lang kreyòl la.

Part of LACC's Foreign Language Across the Curriculum (FLAC) Lecture Series and LACC's Haitian Studies Program of Excellence.

Made possible with the support of LACC's Department of Education Title VI Grant.